

Enfòmasyon sou Terapi Òmonal Feminizan Pedyatrik Pou Paran yo

Itilizasyon terapi òmonal pou tranzisyon/afimasyon sèks ki baze sou anpil ane eksperyans nan tretman moun transjan yo. Rechèch sou terapi òmonal ap kontinye bay enfòmasyon sou sekirite ak efikasite nan terapi òmonal, men tout konsekans ak efè alontèm yo nan terapi òmonal yo ka pa konplètman metrize.

Enfòmasyon sa a pral ede ou menm ak timoun ou an konsidere byenfè yo espere nan terapi òmonal ak efè segondè ki posib nan terapi òmonal yo pou timoun ou an. Ou menm ak timoun ou an ka decide, avèk pwofesyonèl medikal li, si terapi òmonal ap bon pou yo.

Terapi Òmonal

Chak moun pa reyaji menm jan nan terapi òmonal. Li difisil pou detèmine ki jan chak moun pral reyaji. Timoun ou an pral bezwen pran antiandrojèn ak/oswa estwojèn yo sèlman jan yo preskri w la epi diskite sou tretman li an ak doktè li anvan w fè nenpòt chanjman.

Antiandrojèn (testostewòn) yo sèvi pou diminye kantite a epi/oswa bloke efè a nan testostewòn lan, epi redwi karakteristik maskilen yo nan kò a.

Estwojèn (anjeneral estradiol) yo sèvi pou feminize kò a; estwojèn yo kapab egalman diminye kantite ak efè testostewòn lan. Pwofesyonèl medikal timoun ou an pral detèmine fòm estwojèn (konprime, pansman, jèl oswa piki) ak dòz ki pi bon pou li dapre bezwen pèsònèl li ak swè li, epi tou l ap konsidere nenpòt pwoblèm medikal oswa sante mantal li ta ka genyen.

Efè yo espere nan Terapi Òmonal Feminizan an

Chanjman feminen nan kò timoun ou an ka pran plizyè mwa pou yo vin vizib, epi jeneralman, yo pran jiska 3 a 5 ane pou yo konplè.

Chanjman Pèmanan

Sa yo p ap disparèt, menm si timoun ou an decide sispann terapi òmonal la:

- Kwasans ak devlopman tete yo. Devlopman ak gwozè tete yo ka varye, e anpil pasyan decide tou pou yon operasyon nan tete.
- Testikil yo ap vinn pi piti e plis soup.
- Testikil yo pral pwodwi mwens espèm, epi timoun ou an ap vin pa ka fè pitit (pa ka ansent yon moun); kantite tan sa a pran pou l fèt epi vin pèmanan varye de moun an moun.
 - » Timoun ou an ka anvizaje pou estoke espèm yo anvan li kòmanse terapi òmonal la.
 - » Paskè pwodiksyon espèm yo ka difisil pou prevwa, si timoun nan rapò seksyèl ak penetrasyon ak yon patnè feminen natal, li menm oswa patnè li a ta dwe toujou itilize yon metòd kontrasepsyon (pa egzanp kapòt).

Pa Gen Chanjman Pèmanan

Sa yo gen anpil chans disparèt si terapi òmonal la sispann:

- Rediksyon mas miskilè ak diminisyon fòs, patikilyèman nan pati siperyè kò a.
- Pran pwa. Si ou pran pwa, grès sa a pral gen tandans ale nan fès yo, ranch ak kwis yo, olye nan vant ak mitan kò, sa ki pral fè kò parèt plis feminen.
- Po ap vin soup epi bouton yo ka diminye.
- Plim nan vizaj ak nan kò a pral vin pi soup ak pi lejè epi yo pral pouse pi lan; jeneralman, efè sa a pa ase, epi pifò nan moun yo pral chwazi swiv lòt tretman (elektwoliz oswa terapi lazè) pou elimine plim endezirab yo.
- Modèl chòv maskilen nan po tèt la ka ralanti oswa sispann, men cheve yo pral jeneralman pa repouse.
- Diminisyon konduit seksyèl
- Diminye fòs nan ereksyon yo oswa enkapasite pou gen ereksyon. Ejakilasyon an pral vin pi mens epi likid epi l pral gen mwens ladan l.
- Chanjman nan atitud oswa panse ka rive; timoun ou an ka konstate ou gen reyaksyon emosyonèl nan bagay sa yo. Gen kèk moun ki twouve sante mantal yo amelyore apre yo kòmanse terapi òmonal la. Efè òmonal yo sou sèvo a pa metrize totalman.

Terapi òmonal yo pa pral chanje estrikti zo nan figi oswa kò timoun ou an; pòm Adan li p ap retresi; ton vwa li pa pral chanje otomatikman. Li ka vle eseye lòt tretman pou pati sa yo.

Risk nan Terapi Òmonal:

- **Ogmantasyon risk pou devlope boul nan san.** Kowagilasyon sangin nan janm oswa bra (DVT) ka lakòz doulè ak anfleman; boul nan san nan nivo poumon yo (anboli pilmonè) ka entèfere respirasyon nan pasaj oksijèn kò a; boul nan san nan atè kadyak yo ka pwovoke kriz kadyak; boul nan san nan atè yo nan sèvo a ka lakòz yon konjesyon serebral. Kowagilasyon san nan poumon yo, kè oswa sèvo ka lakòz lanmò. Remak: estwojèn transdèmik pwovoke risk twonboanboli ki pi fèb pase oral yo.
- **Posibilite ogmantasyon risk yo pou yon maladi kadyovaskilè, yon atak kè oswa konjesyon serebral.** Risk sa a ka pi elve si timoun ou an fimen sigarèt, oswa si li gen tansyon wo, kolestewòl wo, dyabèt, oswa antesedan familyal nan maladi kadyovaskilè. Remak: estwojèn transdèmik pwovoke risk kadyovaskilè pi fèb pase oral.
- **Ogmantasyon Posib nan tansyon ateryèl.** Sa a ta ka ekzije medikaman pou tretman an.
- **Li posib pou ogmante risk pou yo devlope dyabèt.**
- **Kè plen ak vomisman** sitou lè w kòmanse terapi estwojèn yo.
- **Ogmantasyon risk pou maladi nan vesikil bilyè oswa kalkè.**
- **Chanjman tès sangen yo pou fwa a.** Estwojèn ka petèt kontribye nan domaj fwa a apati lòt kòz.
- **Ka lakòz oswa agrave tèt fè mal ak migrèn.**
- **Risk posib pou nivo elve nan prolaktin** (yon òmonn ki fèt nan glann lipofiz). Kèk moun sou estwojèn pou terapi òmonal devlope prolaktinòm, yon timè benign nan glann lipofiz ki ka lakòz tèt fè mal ak pwoblèm vizyon epi lakòz lòt pwoblèm òmonal.
- **Ka agrave depresyon oswa lakòz chanjman nan atitud.**
- **Ka ogmante risk pou kansè nan tete.** Risk la pwobableman pi wo pase lakay gason natal yo, men pi ba pase lakay fanm natal yo; risk la pwobableman gen rapò ak dire yo pran nan terapi estwojèn yo.

Risk ak efè segondè posib nan Antiandrojèn yo (Spironolactone):

- Ogmantasyon pwodiksyon pipi epi bezwen pipi pi souvan; chanjman posib nan fonksyon ren yo.
- Yon diminyasyon nan presyon san an ak yon sansasyon feblès.
- Ogmantasyon swaf.
- Ogmantasyon potasyòm nan san an ak nan kò a. Sa ka lakoz feblès miskilè, pwoblèm nè ak iregilarite kadyak danjere (ritm kè iregilye).

Enfòmasyon Sanitè Adisyonèl:

- Fimen ka ogmante anpil risk pou pran terapi òmonal, espesyalman risk pou boul nan san ak maladi kadyovaskilè. Si timoun ou an fimen, ou ta dwe eseye diminye oswa kite fimen. Si li gen lòt risk pou boul nan san oswa maladi kadyovaskilè, founisè timoun ou an ka mande li pou li kite fimen anvan li kòmanse pran terapi òmonal.
- Lè li pran estwojèn nan dòz ki pi wo pase doktè li a rekòmande, sa ap ogmante risk pou li genyen efè segondè epi li ka pa pwodui pi bon efè feminizasyon yo.
- Timoun ou an ka bezwen sispann pran òmonn pandan kèk semèn anvan ak apre nenpòt operasyon.
- Tretman ak estwojèn ta dwe dire tout lavi.
- Timoun ou an ka chwazi sispann pran terapi òmonal nenpòt ki lè oswa pou nenpòt ki rezon. Nou ankouraje li pou li diskite sou desizyon sa a ak pwofesyonèl medikal li a.
- Founisè timoun ou an ka diminye dòz anti estwojèn oswa androjèn oswa sispann preskri terapi òmonal akòz rezon medikal /oswa sekirite; li ka espere founisè medikal la pral diskite ak ou epi ak li menm sou rezon yo pou tout desizyon tretman yo.
- Terapi òmonal se pa sèlman opsyon pou tranzisyon oswa swen afimasyon sèks; founisè medikal timoun ou an ak/oswa yon founisè sante mantal ka ede li reflechi sou lòt opsyon.

Li enpòtan pou ou menm ak timoun ou an:

- Pran antiandwojèn/oswa estwojèn sèlman nan dòz la ak nan fòm founisè medikal li a preskri.
- Enfòm founisè medikal ou si w ap pran oswa kòmanse pran nenpòt lòt medikaman sou preskripsyon, sipleman dyetetik, medikaman ak baz plant yo oswa omeopatik, dwòg ilegal oswa alkòl pou li ka diskite sou entèraksyon posib ak efè sou tretman òmonn ou.
- Enfòm founisè medikal ou sou nenpòt nouvo sentòm fizik oswa nenpòt kondisyon medikal ki ka devlope anvan oswa pandan w ap pran terapi òmonal la epi diskite sou evalyasyon kondisyon sa yo. Enfòm founisè li a si li panse w ap gen move efè segondè ki soti medikaman yo.
- Toujou ale nan randevou swivi regilye yo. Swen woutin prevantif enpotant.
- Fè tès kontwòl sängen regilye. Founisè timoun ou an pral diskite avèk ou ki tès ki nesèsè pou kontwòle efè danjere epi pou asire terapi òmonal li a san danje epi efikas.